

# One Care

MassHealth+Medicare  
Bringing your care together

## Kòman kowòdinatè LTS la ka ede m?

### Kisa ki sèvis e soutyen alontèm (LTSS)?

LTSS se yon tèm ki itilize pou dekri **sèvis ki baze lakay epi nan kominote a ki favorize lavi otonòm**. Sa gen ladan bagay tankou èd familyal, sèvis edan pou swen pèsònèl (PCA), livrezon repa lakay, epi èd nan fè lesiv. Kowòdinatè soutyen alontèm (Long Term Supports Coordinator, LTS-C) ou an ka travay avèk ou pou idantifye sèvis LTSS ki konvni epi k ap satisfè sa oumenm ou bezwen. Y ap kominike regilyèman avèk ou pou wè si gen soutyen e sèvis siplemantè oubyen diferan ou bezwen.

### Kisa yon kowòdinatè soutyen alontèm (LTS-C) fè?

Antanke manm nan ekip swen w lan, LTS-C ka ede manm yo idantifye epi kowòdone sèvis ki favorize yon lavi otonòm (Independent Living), sa gen ladan sèvis ki baze lakay epi nan kominote a.

LTS-C soti nan òganizasyon nan kominote w la epi yo vin aprann kiyès ou ye, plis pase bezwen medikal ou yo, pou yo ede w devlope epi satisfè objektif byennèt pèsònèl ou yo.

### LTS-C favorize endependans ou nan :

- Konnen enterè epi bezwen ou yo.
- Travay avèk ou pou idantifye tout pi bon sèvis nan kominote w la pou satisfè objektif ou yo.
- Enfòme ekip swen w lan sou kijan LTSS, sèvis retablisman, epi resous nan kominote a entegre nan plan swen ou an.

Èske w bezwen èd pou fè makèt, menaj, kuit manje oubyen prepare repa, kòm koupe legim, pou w kuit manje pa w?

**LTS-C ka ede w avèk bagay sa yo!**

Egzanp sou jan LTS-C ka travay avèk ou :

**Defann enterè** w devan manm ekip swen w lan. Defans enterè gendwa se :

- Asire pwennvi e enkyetman ou yo prezante bay ekip swen an, epi bay kowòdinatè swen an tou.
- Travay avèk plan ou an pou idantifye pwogram kominotè ki posib yo pou satisfè sa w bezwen epi objektif ou yo, tèlke fòmasyon pwofesyonèl e aktivite sosyal.

- Identifie epi pwomouwwa sèvis epi pwogram ki gendwa pi byen satisfè bezwen ou passe sa w gen anplas aktyèlman.

**Identifie objektif plan swen ki santre sou moun nan** avèk oumenm epi avèk kowodinatè swen w, ki satisfè lavi otonòm ou a e bezwen ou yo pou w retabli, enterè ou yo nan kominote a, epi identite kiltirèl ou.

**Kowòdone** LTSS epi sèvis ki baze nan kominote a ki enterese w epi ki satisfè sa w bezwen.

### Egzanp sou kòman LTS-C ka ede w nan kowòdinasyon sèvis yo :

- Identifie resous kominotè, tèlke kou atizanal lokal oubyen opòtinite volontarya nan yon jaden kominotè.
- Jwenn reyinyon sou retablisman oubyen rankont sosyal ki adapte avèk kilti ou.
- Travay avèk ou pou reflechi sou sèvis tanporè pou ka satisfè bezwen ou yo pandan w ap tann pou yon solisyon alontèm. Pa egzanp, founi sèvis livrezon makèt pandan w ap tann pou yon PCA pou fè makèt epi kuit manje pou ou.

**Antanke manm nan ekip swen an**, LTS-C ap pataje bay kowòdinatè a evalyasyon yo fè sou LTSS, lavi otonòm, epi objektif sou angajman kominotè. LTS-C ou a ka kontribye tou sou sèten pati nan evalyasyon konplè a. Yo ka travay avèk ou sou pati LTSS, sante konpòtmantal, epi sèvis ki baze nan kominote a ki nan plan swen ou an.

### Kòman yon LTS-C ka soutni m nan retablisman mwen an?

LTS-C ka soutni w nan objektif retablisman epi nan objektif sante mantal ou yo. Sa gendwa gen ladan travay avèk ou pou jwenn resous nan kominote ou a tèlke soutyen konfrè oubyen Sant Aprantisaj pou Retablisman (Recovery Learning Centers).

---

**LTS-C ka enfòme plis sou enterè epi objektif ou yo epi ede w identifie sèvis epi resous kominotè pou soutni w nan bezwen ou yo pou yon lavi otonòm epi retablisman ou an.**

---

### Kòman m ka kòmanse travay avèk yon LTS-C?

**Ou ka mande pou yon LTS-C nenpòt lè depi w kominike avèk kowòdinatè swen an oubyen plan asirans sante ou a.** Se ou ki pou deside dire tan w ap travay avèk LTS-C a. Kèk manm sèvi avèk LTS-C a pou yon peryòd tan kout pandan mizanplas nouvo sèvis LTSS, e gen lòt ki chwazi travay avèk yon LTS-C pandan tout tan yo nan One Care.

LTS-C yo souvan fè pati Sant pou Lavi Otonòm (Independent Living Centers, ILC) oubyen Pwen Aksè Sèvis pou moun Aje (Aging Service Access Points, ASAP). Ou ka mande pou yon diferan LTS-C si LTS-C ou gen aktyèlman an pa konvni w.

**Menmsi anvan ou te di NON pou travay avèk yon LTS-C, ou ka toujou kòmanse travay avèk youn kounyela. Telefonnen kowòdinatè swen ou an epi mande pou yon LTS-C.**

## Diferans ki gen ant kowòdinatè plan swen e LTS-C

Telefonnen LTS-C ou a si :	Telefonnen kowòdinatè swen ou an si :
Ou gen yon chanjman nan LTSS ou, lavi otonòm, oubyen bezwen pou retabli.	Ou gen yon chanjman nan sante w, sante konpòtmantal ou, oubyen andikap ou
Ou vle èd nan preparasyon repa, livrezon repa lakay, oubyen èd pou fè makèt	Ou vle èd pou kowòdone randevou medikal ou yo
Ou bezwen èd pou kenbe kay ou pwòp, fè lesiv, oubyen peye fakti ou yo	Ou vle tabli transpò pou ale nan randevou medikal oubyen opòtinite volontarya
Ou bezwen èd pou benyen oubyen pou swen pèsònèl, epi w vle aprann ki opsyon ki disponib pou w jwenn èd pou swen pèsònèl	Ou gen yon chanjman nan sante w epi w vle wè si w admisib pou ogmante kantite èdtan PCA a ede w
Ou enterese jwenn opòtinite volontarya ki lokal	Chèz woulèt, isman kabann, oubyen lòt aparèy medikal dirab bezwen reparasyon
Èd familyal oubyen edan nan swen pèsònèl ou yo pa vini nan lè ki te prevwa a	Ou bezwen yon renouvèlman katetè, kit pansman santral, oubyen lòt founiti medikal

**Endepandans.** Kowòdinatè swen nan plan asirans sante ou a. LTS-C pa travay pou plan asirans sante ou a, yo travay pou òganizasyon ki baze nan kominote a.

Kèk bagay LTS-C ka ede w fè :

- Koresponn enterè epi objektif ou yo avèk aktivite ki gen nan zòn ou an.
- Defann chwa ou yo bay ekip swen ou an sou sèvis ki baze nan kominote a.
- Asire sèvis ou yo satisfè objektif epi bezwen ou yo.
- Rezoud pwoblèm lè bezwen ou yo pa satisfè.

**Reyinyon fasafas.** Plan ou an ap ofri w yon evalyasyon an pèsòn chak lane. Se pa tout kowòdinatè swen ki ka fè reyinyon fasafas. An konparezon, pifò LTS-C yo disponib pou yo rankontre ak ou fasafas lakay ou. LTS-C prioyize reyinyon fasafas pou konnen w pi byen epi pou travay avèk ou defason pou idantifye sèvis ki koresponn ak sa w bezwen. Epitou, premye evalyasyon LTS-C yo an jeneral fèt fasafas.

**Kowòdinasyon swen.** LTS-C ou a ap rekòmande sèvis baze sou konvèrsasyon avèk ou epi avèk ekip swen ou an, ki pral soutni objektif lavi otonòm ou an epi bezwen LTSS ou yo. Kowòdinatè plan swen w lan pral travay avèk LTS-C ou a pou fè mizanplas sèvis ki idantifye pou ede w satisfè objektif ou yo.

**Plasman.** Chak manm One Care gen yon kowòdinatè swen One Care Plan ki deziyen pou yo. LTS-C a se yon founisè kominotè fakilitatif ou ka chwazi pou l travay avèk ou lè w antre nan One Care oubyen nenpòt lè pandan w manm nan One Care. Ou ka mande pou yon LTS-C nenpòt lè.